


Lèt pou lafanmi


Chè elèv ak fanmi elèv la,

Klas nou an pral kòmanse Chapit 3 ki pale sou ekspozan ak nonm ki gwo anpil oubyen ki piti anpil. Nou ka konsidere ekspozan tankou yon metòd pi kout pou eksprime multiplikasyon ki repete. Pa egzanp : $4 \times 4 \times 4$ se menm bagay ak 4^3 . Baz la se 4 – nonm pou multipliyè a; ekspozan an se 3 – kantite fwa pou multipliyè 4 pa limenm.

Nou pral itilize yon aparèy kòm modèl pou ede nou etidye ekspozan. Aparèy ki elaji se yon modèl multiplikasyon. Yo elaji nenpòt antre dapre nonm ki sou aparèy la. Aparèy sa a pral fè yon bagay vin 4 fwa pi laj. Sipoze ou mete yon mòso chiklèt ki mezire 1 pous nan aparèy la. Ki longè l ap genyen lè li soti ?



Yon aparèy ki repete se yon kalite aparèy espesyal ki elaji ki swiv prensip ekspozan yo. Gade aparèy ki repete a epi ki adwat la. Li pral elaji yon antre 4 fwa, epi 4 fwa ankò, epi apre 4 lòt fwa ankò. Yon moso chiklèt ki mezire 1 pous pase nan aparèy $\times 4$ la 3 fwa, pou li elaji 64 fwa an total, epi lè li soti li mezire 64 pous nan longè !



Yon fwa nou alèz ak ide ekspozans yo, nou pral etidye kisa li vle di pou adisyone, soustrè, multipliyè, epi divize nonm ki gen ekspozan.

Vokabilè Pandan kou yo, nou pral aprann nouvo tèm vokabilè sa yo :

baz
ekspozan
dekwasans ekspozansyèl
rediksyon ekspozansyèl

kwasans ekspozansyèl
ogmantasyon ekspozansyèl
pisans
notasyon syantifik

Kisa w ka fè lakay ?

Pandan semenn pwochèn yo, elèv ou an ka montre li enterese nan fason diferan yon moun itilize ekspozan lè moun nan pa lekòl la. Ou ka ede li reflechi sou yon fason òdinè yo itilize ekspozan ki– enterè konpoze nan kont depay. Sipoze ou gen 100\$ nan kont labank epi kont lan reyalize 5% enterè pa ane. San ou pa depoze okenn lòt lajan nan kont lan, apre premye ane a ou va gen $100\$ \times 1,05$, oubyen 105\$. Apre 2 ane, ou va gen $100\$ \times 1,05 \times 1,05$ oubyen 110,25\$. Apre 3 ane, ou va gen $100\$ \times 1,05 \times 1,05 \times 1,05$ oubyen 115,76\$. Apre 20 ane, kont labank lan pral gen $100 \times 1,05^{20}$, oubyen 265,33\$ - tout sa dapre premye envetisman 100\$ a !